# ДЖОЙС МАЙЕР



# ФАРН

*«… Ма тыхсут æмæ ма тæрсут».*

# ФАРН

*Раттут уæ мæттæ Хуыцауæн æмæ уын сæ бæсты раццæн фарн æмæ циндзинад!*

Джойс Майер

Originally published in English under the title

# Peace

by Joyce Meyer

Copyright © 2011 Joyce Meyer, All rigths reserved.

Lahairoi Publishing House

# Мидис


1. Цы ис дæ зæрдæйы мидæг? 7

2. Куыд ссарын хъæуы æнцой? 11

3. Чырыстийы фарн разамынд дæттæд 15

4. Чи давы уæ мидæггаг фарн? 19

5. Цæмæн æнцой ахсджиаг у? 21

6. Нæ уавæр фæлварæны заман 27

7. Абонæй цæрут 33

8. Куывд фарн хæссы 39

Райдайут ног цард! 42

Авторы тыххæй 44

«Ныууадзæд фыдæх æмæ аразæд
хорз хъуддæгтæ, зæрдиагæй
тырнæд фидыдмæ».

1 Петры 3:11

Æз кувын, цæмæй ацы чиныг
дæуæн баххуыс кæна ссарын фарн
да зæрдæйы, «дæ зонд кæуыл
не`ххæссы.»

Филиппæгтæм 4:7

# 1

# Цы ис дæ зæрдæйы мидæг?

*«Фарн уын уадзын, Мæ фарн уын дæттын. Дуне куыд дæтты, Æз уын æй афтæ нæ дæттын. Ма тыхсут æмæ ма тæрсут».*

*Иоанны 14:27*

Цалдæр хатт бакæс ацы æмдзæвгæ, ахъуыды йыл кæ, уадз æй бауыдайын дæ зонд.

Дунейы бон у æрмæст фарны æнкъарæн, дæ хъыддагтæ хорз куы цæуой уæд, фæлæ исты тыхст куы рцæуы, фарн цымæ нæ уыди афтæ, æмæ дæ зæрдæйыл бацæуы сагъæс æмæ тарс. Фæлæ Йесо цы фарн дæтты, никуы дæ ныуадздзæн, хорз бонты

дæр, æмæ æвдзæр бонты, хъæздыгдзинады æмæ мæгуырдзинады. Йæ фарн æрсабыр кæндзæн алы уад.

Басæт, дæу фæнды цæмæй алы хабар дæумæ гæскæ уæ, афтæ нæу? Мæ хъуыдыйы нæй дæу мастмæ бауадзын, фæлæ уи у æнæрцæугæ бæллиц. Æз бирæ азтæ архайтон, цы мæ зæрдæмæ нæ цыди, уымæй фервæзын. Мæн фæндыди, цæмæй алы фыдæвзарæн мæ иувæрсты ацыдаит. Куыннæ стæй! Куыд фылдæр æз Хуыцауимæ æмбæлтон, афтæ хуыздæр æмбарстон, цы царды уадтæ æмæ фыдæвзарæдтæ хъома ацæуай фарнимæ дæ зæрдæйы, мæт кæнын æмæ тыхсын нæ хъæуы, æмæ уæд фæуыдзысты тагъд.

Библийы фæрстыл Йесо сиды нæ нæ тæрсын (кæс Иоанны 14:27). Æз цалдæр хæтт кастæн ацы æмдзæвгæ, цалынмæ нæ бамбæрстон, цы кусын уый: тыхсын, тæрсын алы æфсон.

Æрхъуыды кæ, Йесо куыд æвхæрдта Йæ ахуыргæнинæгтæм, уыдон уады тыххæй куы фæтарстысты (кæс Маркы 4:40). Йесо уыди иттæг сабыр, уымæй фылдæр, Уый фынæй

кодта, цалыммæ ахуыргæнинæгтæ паникæ кодтой. Ды та? Йесойы раз лодкæйы уады хуылфы дахи куыд дардтаис?

Дæ зæрдæйы фарн дар, æмæ уæд алы бонæн цин кæндзынæ.

# 2

# Куыд ссарын хъæуы æнцой?

Уынаффæ, куыд хъæуы ссарын æнцой, нæ дын ратдзæнис пайда, куы нæ дара бæрæг бацамынд, куыд æй скæнай уый.

Иу æцæгад ис, кацы аххуыс мын кодта цин кæнын æмæ зæрдæйы фарн нæ фесафын. Мæнæ и: бынтон дзæгъæлы у уый кæнын, цы скæнын дæ бон нæу. Ды та кæныс, цы скæнын гæнæн нæй, уый? Æмæ стæй мæстджын кæныс, уымæн æмæ æнæпайдайæ сты дæ фæлварæдтæ? Æнæнтысгæ Хуыцауы бон у скæнын, æмæ сæ кæны, сæ рæстæг куы рцæуы уæд. Дæ бон дæр куы суа, уæддæр йæ кæрон дæ зæрдæмæ нæ фæцæуdзæн. Банхъæлмæ кæс Йесойы хъомысмæ. Уæд Хуыцауæн намыс, дæуæн та фарн.

Фæлварын æнæнтысгæ кæнын цы нысан кæны? Зæгъæм, искуы фæлвардтай дæ бинойнагы, ави сывæллоны, хæстæджы æмæ хæлары сраст кæнын? Ӕрмæст Хуыцауы бон у адæм сраст кæнын. Мах куы фæлварæм рацахуыр кæнын адæймагы, хорзæй ныццы рауайдзæн, уымæн æмæ адæймаг конд у бæллицимæ сæрибарыл.

Ӕмкъайдзинад райдайæны æз сфæнды кодтон Дейвæн гольф ахуыр ныууадзын кæнын. Ӕз æнхъæлдтон, уый æгæр бирæ рæстæг сафы уыцы хъазтыл, æмæ мæн хъуыди фылдар тавиц уымæй. Ӕз спайда кодтон бирæ хинтæ: тæргай кодтон, йема нал дзырдтон… Иуæй-иу хатт уый архайдта, фæлæ, нæ мæ райын кодта, уымæн æмæ æз зыдтон, уый мæ тæфагæй хатыр кодта, фæлæ нæ йæ бæллицæй. Афтæмæй, тыхбахастæй цы архайдтай, уый дын ницы цин авæры.

Кæнæ æндæр цæвиттон: ды дæ удон уавæрæй разы нæ дæ æмæ фæлварыс раивын дæхи. Уый гæнæн у Сыгъдæг Уды тыххæй. Уый дæ разы ис кæддæриддæр æмæ цæттæ и аххуыс дын кæнын. Уый дæ акæндзæн хæстæгдзинадмæ Хуыцауимæ

æмæ удон хъомылдзинадмæ.

Æви дæ фæнды раивын де`взæр миниуджытæ. Фæлæ уый дын рауайдзæн хуыздæр æмæ тагъддæр, Хуыцауæй куы ракурай. Йесо уæ ныфсытæ нæ фæмæнг кæндзæн.

# 3

# Чырыстийы фарн разамынд дæттæд

*«Чырыстийы фарн разамынд дæттæд уæ зæрдæтæн».*

*Колоссæгтæм 3:15*

Спортивон ерысы тæрхонгæнæг скъуыддзаг кæны чи фæуæлахиз уыдзан. Афтæ æнцойдзинад хъуамæ суа ахæм тæрхонгæнæг нæ царды, кæцы скъуыддзаг кæндзæн, цы уа нæ царды, цы та ма уа

Бирæ адæм йæ царды не ссары уыцы æнцойдзинад уый тыххæй  æмæ, Хуыцауы фæндон бæстæ уæлахиз кæнынц сæхи фæндон. Уыдон аразынц сæхи цы фæнды æмæ сæ зæрдæмæ цы цыæу, уый æнæ Хуыцауы  Ныхасы уынаффæмæ хъусгæйæ.

Мæнмæ иу бирæ хатт фæзынд гæнæн мæ зæрдæйы цы фæнды уый саразын æмæ мæм афтæ касти цæмæй йæ спайда кæнон. Фæлæ иу хатт æз бамбæрстон: дæ зæрдæйы æнцойдзинад куын нæ уа, уæд уыцы фæндон хъуамæ ныууадзай. Æнцойдзинад дæ царды уæлахиз куы уа, уæд бирæ радыдтытæй бахиздзыстут уæхи. Зæгъæм, дæхицæн зынаргъ дзаума ма балхæн, дæ уды фарн куы нæ уа, уæд. Æмæ дæ цы фæнды тынг куы нæ хъæуа, уæдтæр йыл фæсмон кæндзынæ, уый тыххæй æмæ Сыгъдæг Уд дæ дзæгъæлы нæ бахъахъхъæдтаид.

Мæнмæ æрбацæуы бирæ æнхъарæнтæ, фæлæ дзы кæцыдæртæ аиуварс кæнын мæ мидæг зæрдæхсайд куы фæхатын, уæд. Æз бамрбæрстон: мæ балцы хъуыдытæ мæ тыхсын куы кæной, æмæ сæм куы нæ байхъусон, уæд йыл фæстæдæр нæмæнг фæфæсмон кæндзынæн, стæй та мын байгом уыдзæн, цæй тыххæй мын нæ хъуыди цæуын уыцы балцы.

Хъуыды кæнын, Хуыцауы фæстæ цауын куы райдыдтон, уæд мæм æрбацыд замманайы хонд. Уыцы рæстæджы мæн

бирæ хатт хуыдтой Хуыцауы Ныхас дзурынмæ æмæ иу мын ахсызгон уыд уыцы æгъдау кæнын. Фæлæ алы хатт уыцы хуындыл ку хъуыды кодтон,уæд иу мыл зæрдæхсайд фæуæлахиз и. Рæстæгæй рæстæгмæ кодта тыхджынæй тыхджындæр æмæ бынтондæр мæ æнцойдзинад фесæфтон. Афтæ тахстæй сын загътон, кæд не ссарой æндæр, мæн хуызæн æккаг адæймаг, уæд æрцæудзынæн, фæлæ мæ зæрдæ кæй хсайы уыцы балцы тыххæй, уый дæр сын загътон. Æмæ мæ фервæзын кодтой хæссæй.

Фæстæдæр разынди уый æмæ мæ аргъуаны уыд  нæуæг агъуыст баконд уыцы бон, кæцы аз хъуамæ ацыдаин. Уыцы рæстæджы æз уыдтæн сауджыны рахиз къух æмæ дзы нæмæнг хъуамæ уыдаин.

Нæ алы хъуыдтагы дæр мах хъуамæ хъусæм нæ зæрдæйы фарнмæ. Бирæ хатт нæм æрмæст уый февдисы цы нæ хъæуы аразын. Хуыцауы ныхасы фæстæ цæут æмæ уæ цард уыдзæн едзаг фарнæй æмæ циндзинадæй.

# 4

# Чи давы уæ мидæггаг фарн?

Алы адæймагæн дæр йæ царды вæййы цæуыл мæт кæны, уый. Хæйрæг уæ царддæргъы йæ цæстæй нæ уадзы. Уый дзæбæх зоны, алцæмæй фылдæр цæуыл тыхсыс уый. Фæлæ мах хъуамæ зонæм цæуыл тыхсæм æмæ зын хъуыдтагы нæ фарн ма фесафæм.

Алкæмæн дæр ис йæ зæрдæ цæуыл тыхсы уый. Дзæгъæм, мæн цы тыхсын кæны, уый мæ лæгы аппын дæр нæ хъары. Æз уарзын сабырдзинад æмæ хъæлæбайæ тыхсын, фæлæ уый хъæлæбайæ бынтон дæр нæ тыхсы. Уымæн йæ бон у æмæ чиныг дæр кæса, нæ чызг музыкæмæ хъæрæй куы хъуса, æмæ нæ лæппу та куыдзима куы хъаза уæд.

Мæнæн мæ бон тагъд кæнын нæу æмæ нæ уарзын куы мыл байрæджы вæййы, уæд. Мæ лæг та сабыргай йа куыстытæ фæкæны æмæ стæй та хæдтæхæгы хуызæн фæцæй лидзæм нæ хъуыддæгты фæдыл. Æз уымæй тыхсын æмæ сафын мæ фарн.

Мах иууылдæр стæм алыхуызон. Цы уын давы уæ фарн? Чи уын давы уæ фарн уыдоны ранымайут æмæ йæ уæ бинонтимæ æртæрхон кæнут. Алкæй дæр уæ цы тыхсын кæны, уый райгом кæнут æмæ ма аразут иннæ адæймаджы цы мæсты каны, уый.

Мæ лæг мæ ахуыртимæ аргъ фæкæны. Æз исты куы фæаразын, кæннод куы фæулæфын, уæд уый фæархайы сабырдзинадыл. Уый зоны, æз фæллад куы вæййын, уæд мæсты кæнын алы хъуыдтагыл. «Кæрæдзи зындзинадта хæссут» (Галатæгтæм 6:2)- æмæ сцархайут ууыл æмæ кæрæдзи хъæгдзинадмæ ут быхсгæ.

# 5

# Цæмæн æнцой ахсджиаг у?

*Нæ бон у Сыгъдæг Уды хъусын, æнцой куы вæййæм, уæд. Нæ зæрдæйы фарн бирæ тых хæссы, уымæн æмæ Йесо загъта: «Фарн уын уадзын, Мæ фарн уын дæттын» .*

*Иоанны 14:27*

Дæ проблемæтæ дæ куы нæ мæсты кæной, уæд хæйрæгы къухы нæ уыдзынæ. Ды тыхджын уыдзынæ, Хуыцауыл куы æууæндай æмæ куы аззайай сабырæй. Тæрсын куы райдайыс, уæд ситуации контроль хæйрæг кæны. Уымæн æмæ зын уавæры куы уай, уæд дæхи сабыр дар. Зындзинады адæймаг райдайы хъаст кæнын, фауын, цæмæй йæхицæн зындæр кæны.

Библи дзуры: «Афтæ æвзаг дæр

хæрзгыццыл уæнг у, фæлæ йын тынг бирæ æнтысы. Кæс-ма, хæрзгыццыл зынгæй цы стыр арт сирвæзы! …йæхæдæг та зындоны артæй судзы» (Иаковы 3:5,6). Хæйрæгы фæнды ис фæцух кæнын дæ æнцой, уымæн æмæ афтæмæй æнцон у дæуæн æнкъарын кæнын.

Фиппайтай, куы фæхъавыс аргъуанмæ цæуын æви Библи акæсын, уæд дын уайтагъд разыны къуылымпытæ?

Раздæр хуыцаубоны райсомæй нæ хæдзары хъæлæба цыди, æмæ мах стæмхатт цыдыстæм аргъуанмæ æнæфехалгæйæ кæрǽдзийæн чепп. Уæд исты фесафæм, уæд асæттæм. Нæ сывæллæттæ та æнæхъæн къуыри сæхи хорз дардтой, фæлæ хуыцаубоны та  хыл кодтой. Æз нæ фæразын хъæлæба, æмæ цас фылдæр змæст мæ фарсмæ и, уый бæрс фылдæр мæсты кодтон. Æз идайдтон хъуыр-хъуыр кæнын æмæ æвдисын мæ æнæразыдзинад. Мæ лæг та нæ фæразы хъуыр-хъуыр æмæ домдта цæмæй æз банцайдтаин. Уæд æз бынтон мæстæй хъуырмæ кодтон, æмæ мах хыл кодтам. Нæ хъæры тыхæй та сывæллæттæ

кæуын идайдтой. Æдзух та нæ куыдз ралидз-балидз кодта искæй дзабыримæ, цæй тыххæй райдайдта змæст.

Иаковы 3:18, куы фæкæсыс, уæд балæдæрыс, цæмæн афтæ вæйы. Хъуыддаг уый мидæг ис, дæ зæрдæйы хъуамæ фарн уа, цæмæй Хуыцауы Ныхас ум баззайа æмæ æрхæсса хорз тыллæг.

Хæйрæгы хинты тыххæй ма рох кæнут. Куыд дзуры Павел: «Цæмæй нын хæйрæг зиан ма æрхæсса – йæ фыдвæндтæ нын зындгонд сты». (2Коринфæгтæм 2:11) .Дæхи хъаг кæн, уымæн æмæ: «Ут къæрцхъус æмæ цырд лæуут, уымæн æмæ уæ фыдгул хæйрæг цæуы богътæгæнæг домбайау æмæ агуры, кæй аныхъуыра, ахæмты». (1Петры 5:8).

Ма разынут йæ нывонд! Куы идайут мæт æви мæсты кæнын уæд уæхиуыл фæхæцут æмæ рсабыр ут. Уæ зæрды дарут: дæ фарн-дæ тых.

«Æмæ хæйрæджы æмгæрон ма уадзут» (Эфесæгтæм 4:27) Уый лæбуры дыл, мæст куы фæкæныс, уæд. «Куы смæсты вæййут,

уæд-иу тæригъæды ма бафтут: дæ мастæй фервæз, цалынмæ хур нæ аныгуылд, уæдмæ». (Эфестæгтæм 4:26)

Сыгъдæг Уд Йæхи æвдисы æнцад æмæ сабырдзинады атмосферæйы. Йæ бон нæу д`емæ æмхиц уы, дæ зæрдæйы хæлæ-мылы куы уа.

Йесо сæвзæрста иннæ дæс æмæ æртиссæдз ахуыргæнинаджы æмæ сæ Йæ разæй дыгæйттæй арвыста, цæмæй дзæбæх кæной ранчынты, æгас кæной мæрдты, сурой дæлимонты æмæ адæмæн фехъусын кæной фарны уац. Æмæ сын бафæдзæхста, искæцы сахармæ куы бацæуат æмæ уæ куы не суадзæг кæной, уæд иу уынгмæ рацæугæйæ, зæгъут: «Уæ сахары нып цы рыг æрбадт, уый дæр цæгъдæм нæ къæхтæй, уæхицæн уын æй уадзæм…». Цæмæн? Уый тыххæй, æмæ сæ бон ницы скæнын уыдзæн, Йесо сын цы бафæдзæхста, уыдонæй, фарны атмосферæйы куы нæ уой, уæд.

«…Кувут, цæмæй фæлварæны ма бахауат».» (Лука 22:46). Ма нымай дæ тыххæй исты скæнын. Кув, цæмæй Хуыцау дын æххуыс кæна æмæ дæ фидар кæна.

«…Æнæ Мæн уæ бон ницы кæнын у»(Иоаны 15:5). Йесо Чырыстимæ та уæ бон æппæт дæр у. (Филиппæгтæм 4:13). «…Удвидар кæнут, Хицауимæ кæй стут, уымæй, æмæ Йæ домбай хъаруйæ» (Ефесæгтæм 6:10)

# 6

# Нæ уавæр фæлварæны заман

*«Уый тыххæй уæхи сифтонг кæнут Хуыцауы хотыхтæй, цæмæй фыдбылызы бон куы ралæууа, уæд уæм разына ныхмæ æрлæууыны хъару, фæуæлахиз уат æппæтыл дæр, æмæ ма фæцудат».*

*Эфесæгтæм 6:13*

«Мах Хуыцауы сконд стæм, Йесо Чырыстийы фæрцы нæ сфæлдыстæуыди, Хуыцау нын рагацау кæй снысан кодта, уыцы хорз хъуыддæгтæ аразынмæ». (Эфесæгтæм 2:10). «Сымах кæддæр дард уыдыстут, ныр та баиу стут Йесо Чырыстиимæ, æмæ уæ Йæ Туг æрбахæстæг кодта». (Эфесæгтæм

2:13). Ацы дыууæ æмдзæвгæйы фыст у Йесо Чырыстийы кæй стæм, уый. Йесо загъта: «Сымах Мемæ куы уат, æмæ Мæ ныхæстæ уæ зæрдæйы куы цæрой, уæд уæ цыдæриддæр хъæуы, уый ракурут æмæ йæ райсдзыстут»

Ма хæс дæуæлæ æгас уаргъ проблемæтимæ, фæлæ уырн, æмæ Хуыцау аххуыс кæндзæн дын алы хабары. Уый куы зонай, уæд уыдзынæ æдзух сабыр. Цыфæнды куы уа, Хуыцау рцæуы ахъазмæ Йæ сывæллæттæм.

«Æмæ уæ ныхмæлæуджытæй æппындæр кæй нæ тæрсут. Хуыцау сын уе`хсары руаджы равдисдзæн: уыдон фесæфдзысты, сымах та фервæздыстут». (Филиппæгтæм 1:28)

Хæйраг дын æвзæрдзинад куы фæкæны, дæхи сабыр куы дарай, уæд ын æвдисыс йæ æдыхдзинад. Уый нæ зоны, д`ема цы араза, йæ бон дæ смæт кæнын куы нæу, уæд. Хуыцауæн та дæ сабырдзинад уадзы Йæ ссæрибар дæ кæнын, цы дæ мары, уымæй, уымæн æмæ дæ сабырдзинад дæ дины тыххæй амоны (Дзуттæгтæм 4:3)

Мондæгтæ ис дæ цардæй æмæ Хуыцауæн арфæ кæн, уымæн æмæ Уый æдзух дæуыл хъус дары. Дæ бон у ныхмæ зæгъын, цымæ куыд хъуамæ цин кæнай ацы цардыл уыйбæрц зындзинадтимæ, фæлæ дæ ныфс куы сафæй, уæд хуыздæр нæ уыдзæн, зыгъуыммæ, фыддæр.

Раздæр, махмæ фыдæвзарæнтæ куы хаудысты, мæ лæг къаддæр амондджын нæ кодта æмæ уый фыццагау цин кодта цардыл. Æз та йыл маст кодтон, цæмæн проблемæтæй мæтæйдзаг нæ уыд.

Махмæ арæх уыди финансон зындзинæдтæ. Мæ лæг, уырнгæйæ Хуыцауыл, уыдон цы бар уыдзысты, дзырта мын: «Библийы фыст и, цæмæй мах нæ мæттæ Хуыцауæн раттæм, уымæн æмæ Уый ныл Йæ хъус дары. Цæй тыххæй æз хъуамæ тыхсон? Æццæй, тыхс нæм æхца æрхæссæн?»

— О, фæлæ исты куы саразис.

— Хорз, цы хъуамæ саразон дæумæ гæскæ?

— Акув нæ проблемæты тыххæй.

— Акуывтон æмæ ракуырдтон, цæмæй Хуыцау нæ зындзинæдтæ райхала. Ноджы ма Хуыцауы бафарстон, цы хъуамæ кæнон уи, мæ мын ницы захта. Уымæн æмæ нæ уынын, цæмæн хъуамæ æз мæт кæнон тар чеппимæ.

Мæ зæрдæйы мидæг, æз зыдтон, цы уый уыди раст, фæлæ цыдæр хъæлæс мын дзырдта, цы уый æвзæр у, зындзинад дын куы уа, цин кæнын. Афтæ уыди бирæ аз, проблемæтæ нæм куы уыдысты. Фæлæ, æппын фæстаг, æз бамбæрстон, цы зæрдæмæ исæй хъуыддагæн нæ аххуыс кæндзæн. Мæхи æнамонд æнкъардтон, афтæмæй уый уыромдта нæ кувды дзуапп. Ныр мæ бон у мæхи сабыр дарын.

Иоанны 16:33 Йесо захта: «Мемæ куыд уат æмæ фарнæй куыд схайджин уат. Дунейы æвзæрдзыстут хъизæмæрттæ, фæлæ фидар лæуут. Æз фæуæлахиз дæн дунейыл». Цард æнæзын нæ вæййы, фæлæ мах хъуамæ нæ комæм уыдонæн.

Акæсут Павелмæ, уый сахуыри райгонд вæййын хъуагдзинады æмæ бæркады (Филиппæгтæм 4:11-12). Афтæмæй,

куы нæ сахур кæнай дæхи афтæ дарын, уæд зындзинæдтæ дæ царды никуы фæуыдзысты. Бахъуыды кæн, хæйрæг дæ куы мæсты кæна, спайда кæнгæйæ исты уавæртæ, уæд йæ къухы уыдзынæ. Фæлæ дæ зæрдæйы фарн куы уа, уæд йæ алы хинтыл фæтых кæндзынæ.

# 7

# Абонæй цæрут

*«Уæдæ мæт ма кæнут сомбоныл, уымæн æмæ сомбон йæхæдæг тыхсдзæн йæ хъуагыл. Алы бонæн дæр йæхи сагъæстæ æгъгъæд сты»*

*Матфейы 6:34*

Тынг æнцон у фарн фесæфын сом боныл куы хъуыды кæнай, уæд. Абоны хъуыддæгтæ уын фаг не сты, цæмæй ма сом боны хъуыддæгтыл хъуыды кæнат? Хуыцау нын æххуыс кæны абон æмæ нын сом дæр баххуыс кæндзæн. Стæй нæ тыхстдзинад иуæй иу хатт вæййы дзæгъæлы. Вæййы афтæ æмæ мах фæтыхсæм цы ныл рцæудзæн ууыл. Тыхстдзинад тæрсындзинадмæ куы разайа, уæд цæмæй тæрсæм уый ныл æрцæудзæн. Сом бонæй матæрсут. Хуыцау у æнæсайд æмæ сом бонма цы хъæуы, уый

сараздзæн сом. Уымæн йæ бон у æмæ дын дæ алы зындзинады баххуыс кæна æмæ уый тыххæй сом боны зыдзинæдтыл абон ма тыхсут. Махæн нæ бон бирæ у Хуыцауыл куы æууæндæм æмæ абоны бонæй куы цæрæм, уæд.

Æз уый бамбæрстон, библейский скъолайы ахуыргæнæг куы уыдтæн, уæд. Уыцы рæстæджы уыцы скъолайы куыстон нæхъæн кусæн бон æмæ къуыри иу хатт дин æмбарын кодтон иу бынадтон аргъуаны, кæцы йы уыдтæн сауджыны æххуысгæнæг, æмæ уый уæлдай та ма мын уыд цыппар сывæллоны. Æнæнхъæлæджы мын фæци гæнæн ахуыр кæнын къуыри æрта хатт. Тынг мæ фæндыди æмæ мæ фæндон сыххæст. Фæлæ мæ уроктæ куыд фылдæр кодтой афтæ мын цæттæ кæныны рæстæг дæр кодта фылдæр. Хъуыди мын Хуыцауы Ныхас тынг дзæбæх ахуыр кæнын æмæ зонын. Цæттæ кæнын та мæ бон уыд æрмæст изæрæй, уый тыххæй æмæ бонæй кодтон кусгæ.

Бирæ куывдыты æмæ хъуыдыты фæстæ уыцы зын куыстыл æрхæцыдтæн, алцы Хуыцауы къухтæм радтон, афтæмæй. На йæ

зыдтон мæ бон куыд бауыдзæн уыдæдтыл фæтых кæнын. Фæлæ цыдысты бонтæ æмæ дзы алцыдæр фæразтон. Хуыцау мын алы хъуыдтаджы æххуыс кодта æмæ иннæ аз та мын уыд бира анцондæр, уый тыххæй æмæ мæм алы уроκы конспект уыдис.

Уыдис дыууæ аххос, кадон тыххæй Хуыцауы фæндыди цæмæй уыцы куыст бакæнон. Фыццаг – æз бамбæрстон уый æмæ ис гæнæн абоны бонæй цæрын, сомбоныл ма тыхсай, афтæмæй. Дыккаг та - цæмæй æрцахуырон хуыздæр ахуыр кæнын адæмы. Æз ныр дæр аргъуаны лæггады æттейа уадзын бирæ конференцитæ æмæ Хуыцауы Ныхас дзурын алы бæстæты.

Адæммæ ма тыхсындзинад æфтауы уый æмæ хъуыды кæнынц сæ раздæры рæдыдтытыл. Махæй алчи дæр рæдийы. Алцы раст чи аразы, кæмæй хъуыды кæнут, уый дæр кæддæр фæрæдийы. Мах иуай иу хатт дзурæм æмæ аразæм стæй фæсмон цæуыл кæндзыстæм, уый. Фæлæ уæ рæдыдтытыл хъуыды кæныны бæстæ, кацытæн сраст гæнæн нæй, фæлтау сæ Хуыцауыл бауæндут цæмæй сын са

фæстиуæгтæ айса.

Кæддæр æз дæр фæфæсмон кæнын мæ дзæгъæл ныхæстыл. Фæлæ Хуыцаумæ скувын, цæмæй цы адæймаг фæхъыг кодтон, уымæн бамбарын кæна барæй кæй на уыдтæн, уый æмæ нын нæ кæрæдзи æмбарындзинад фæтыхджын кæна. Æмæ мæхæдæг фæвæййын сабыр уыцы адæм куы фенын, уæд. Нæ фæтыхсын æмæ мæ тастдзинад дар ацæуы.

Ивгъуыд рæдыдтытыл хъуыдытæ махæн сты куыд къæппæг.

Бирæ хатт мах Дыйвимæ сихор фæкæнæм къафейы æмæ афтæ рауайы, взар кæм аразынц хæринаг, уырдæм бахауæм. Раздæр иу ахæм ранæй куы рахызтыстæм, уæд иу фæсмон кодтам кæй йæм бацыдыстæм, уый тыххæй. Фæлæ дзы цы пайда ис? Бахордтам æмæ хца бафыстам. Нæ фæсмонта ницы пайда сты. Ныр та ахæм ранмæ куы бахауæм уæд зæгъæм: ацы ран уый аккаг нæу æмæ дзы асихор кæнæм, æмæ никуы уал æрбацæудзыстæм ардæм.

На хæдзары дуарыл ис фыст: цы рæстæг

фæци, уымæй куы цæрай, уæд дæ цард кæныс зындæр. Сомбонæй куы цæрай, уæддар дын дæ цардмæ нæ фæхæлæг кæндзынæ. Фæлæ цинæй æрцæуга боныл куы мбæлат, уæд уый æвдисы раст фæндагыл кæй лæуут, уый.

# 8

# Куывд фарн хæссы

*«Мацæуыл мæт кæнут, фæлæ алы хатт дæр кувут Хуыцаумæ, курут Дзы, бузныгæй Йын æргом кæнут уæ хъуæгтæ, æмæ зонд кæуыл не 'ххæссы, Хуыцауы уыцы фарн бахъахъхъæндзæн уæ зæрдæтæ æмæ уæ зонд Йесо Чырыстиимæ иугондæй»*

*Филиппæгтæм 4:6-7*

Цæмæй уæ зæрдæ алкæддæр фарнæй дзаг уа, уæ уавæртæ хорз куы нæ уой, уæддæр, уый тыххæй ма тыхсут æмæ ма мæсджын кæнут, уый бæсты сабырæй лæуут.

Уе 'ппæт уæргъытæ раттут Йесо Чырыстийæн. «Уеппæт сагъæстæ бакæнут Йæ бар, уымæн æмæ Йæ мæт сымахыл у» (1 Петры 5:7). Æндæр тæлмацæй ацы æмдзæвгæ уыдзæн афтæ: «Раттут Йын уæ

аудындзинад, уæ тыхсын кæны, мæстæй уæ цы мары, уыдон, уымæн æмæ Уый уæ фæстæ кæсы, цæмæй афойнадыл бамæт кæна сымахыл». Цæй диссаг у! Æмæ цæй мæстаг у, бирæ чырыстонтæ нæ пайда кæнынц уыцы хорздзинадæй, уый. Сымах та цы зæгъут? Уе 'ппæт тыхстдзинæдтæ Йесойæн дæттут? Кæд нæ, уæд сымахæн хуæздæр уыдзæн, афтæ кæнын тагъддæр куы райдайат, уæд. Куыд фылдæр бафæстиат кæнат, тынг дæр тыхсдзыстут æмæ хæйрæджы бартæ сымахыл фæтыхджындæр уыдзысты, æмæ уын зындæр уыдзæн фервæзын йæ дзæмбытæй.

Ме 'ппæт мæт дæр Чырыстийыл куы бафæдзæхстон, уæд æнæхъæн бонтæ дæр, уыцы хъуыдытæ мæ нæ цух кодтой. «Хуыцау, куыд ыл хъуамæ ма хъуыды кæнон?» - бафарстон æз Хуыцауы. Æмæ мын дзуапп радта: «Тынг æнцон, Джойс, æндæр истæуыл хъуыды кæн». Æцæгæйдæр, куы нæ хъуыды кæнай дæ зындзинæдтыл, уæд æнцон дæр у. Фæлæ йыл куы хъуыды кæнай, уæд та, позитивон.

«Мацæуыл мæт кæнут, фæлæ алы

хатт дæр кувут Хуыцаумæ, курут Дзы, бузныгæй Йын æргом кæнут уæ хъуæгтæ» (Филиппæгтæм 4:6). Кувут, мацæуыл тыхсут æмæ уын уæд уыдзæн «Хуыцауы уыцы фарн бахъахъхъæндзæн уæ зæрдæтæ æмæ уæ зонд Йесо Чырыстиимæ иугондæй», фарн, кæцы бæрзонд кæны адæймаджы хъуыдыкæнынад. Цæмæй æвзæр хъуыдытæй уæ сæр ма дзаг кæна, уый тыххæй та хъуыды кæнут «æцæг, уæздан, раст, сыгъдæг, уарзинаг, æхцон – цыдæриддæр нывыл æмæ раппæлиаг у, бæллут уымæ». (8 æмдзæвгæ)

Æз кувын, цæмæй уын Хуыцау феххус кæна спайда кæнын ацы принциптæ практикæйы æмæ мондæгтæ исын арфæгондæй, кæцытæ уын æрцæттæ кодта.

# Райдайут ног цард!

Йесо Чырыстийæн уæ цард кæд нæма радтат, уæд акувут ацы куывдæй, æмæ уын Хуыцау ног цард балæвар кæндзæн.

*Хуыцау, мæн уырны, Йесо Чырысти Дæ Фырт æмæ Дунейы Ирвæзынгæнæг кæй у, уый. Мæн уырны, Йесо кæй амард дзуардæвæрдæй æмæ уымæй бафыста мæ тæригъæдтæ. Мæн уырны, æртыккаг бон Йесо кæй райгас мæрдтæй æмæ ныр бады Дæ рахизфарсæй.*

*Йесо, Ды мæ тынг хъæуыс æмæ дæ нымайын мæ Хуыцауыл. Аммен.*

Ацы рæстæгæй фæстæмæ, Йесо цæры уæ зæрдæйы. Хуыцау уын ныххатыр кодта, радта уын сыгъдæг зæрдæтæ æмæ мæлæты фæстæ ацæудзыстут уæларвмæ.

Ссарут чырыстонты æмбырд (аргъуан), кæцы ахуыр кæны Хуыцауы дзырдыл æмæ райдайут æрвадиуæг кæнын Хуыцауимæ.

Кæсут æмæ æххæст кæнут Хуыцауы Дзырд, цæмæй уæ цард раиват: «…Мæ ныхасмæ гæсгæ куы цæрат, уæд æцæг Мæ ахуыргæнинæгтæ уыдзыстут, æмæ базондзыстут æцæгад, æмæ уæ æцæгад ссæрибар кæндзæн» (Иоанн 8:31-32).

Кæсут æмæ ахуыр кæнут Ног Фæдзæхст, цæмæй æрфидар уа уæ зæрдæ. Цы фæнды уавæры дæр агурут Хуыцауы фæдзæхст æмæ уæ раст фæндагыл сывæрдзæн.

*Уарзын уæ, Джойс Майер*

# Авторы тыххæй

Джойс Майер у Библии зынгонддæр ахуыргæнæгтæй иу, ныффыста цыппарыссæдзæй фылдæр чингуытæ, уыдонимæ йæ зындгонд чингуытæ – «Æз æмæ мæ даргъ æвзаг», «Чи у хæдзары хицау», «Зонд – хæсты быдыр» æмæ бира æндæртæ. Ноджы ма рауагъта иу мин дискы ахуыргондты ныхæстимæ.

Джойс Майеры теле – æмæ радиопрограммæтæ «Цард цинæй дзаг» æвдыст цæуы æнæхъæн дунейыл. Стæй æнæхъæн дунейыл æххæст кæны фæйнæхуызон конференцитæ.

Джойсæн йæ мой Дейвимæ ис цыппар сывæллоны.

Уыдон цæрынц горæт Сент – Луисы, Миссурии штаты, СШАйы.

***Раттут уæ мæттæ Хуыцауæн æмæ уын сæ бæсты раццæн фарн æмæ циндзинад!***



Раттут уæ мæттæ Хуыцауæн æмæ уын сæ бæсты раццæн фарн æмæ циндзинад! Царды æхсызгонд уынаффæ уæ мидæгон фарнмæ гæсгæ кæнут. Арæх, уыцы мидæгон фарн вæййы Хуыцауæй æрвыст нысан. Хуыцауы фæдыл цæут æмæ уæ цард фарн æмæ циндзинадæй дзаг уыдзæн. Уæ цардæй мондæгтæ исут æмæ арфæ кæнут Хуыцауæн, уый тыххæй æмæ Йæ мæт сымахыл у. Сымах ныхмæ дзæгъдзыстут, зын у цин кæнын зындзинады рæстæджы. Фæлæ, ныфс сафгæйæ уæ зындзинад нæ фæкъаддæр уыдзæн. Циндзинад та дары хъомыс фырны бæрц æмæ бæрæг кæны, Хуыцауыл кæй æууæндут, уый. Æмæ уый тыххæй уæ проблемæтæ тагъд рæстæджы фæтары уыдзысты.

Joyce Meyer Ministries